

Gid Resous Tranzisyon Maryland

ALE KOTE
Ou vle Ale a

Yon resous pou fanmi yo epi jèn ak.



*Toujou sonje **ou genyen nan**
ou fòs, pasyans, ak*


***pasyon** pou atenn zetwal yo pou
chanje mond lan.*

- Harriet Tubman



***Rete konsantre epi rete**
detèmine pa gade sou pèsòn
pou se yo ki detèminasyon w – gen pwòp
detèminasyon pa w sa ap mennen w trè
lwen.*

- Justice Smith





Sa Ki nan Liv la

Tranzisyon Asosye yo



Paran ak Responsab Legal yo	7
Lekòl ou	8
Travay	9
Kominote.....	10

Sèvis Esansyèl yo



Entwodiksyon	12
Mobilizasyon	13
Avantaj yo	14
Lajan.....	15
Sante ak Byennèt	16
Kapasite Pwofesyonèl	17

Repètwa resous yo




Entwodiksyon	19
Teknoloji pou Asistans/ Akomodasyon	20
Viv an kominote: Swen pou timoun, manje, kay pou rete, asistans pou Enèji.....	21
Andikap Devlopmantral yo	23
Travay	25
Fanmi Akèy	26
Gadyen / Pran desizyon ki sipòte	27
Sante	28
Sante Mantal.....	29
Benefis Sosyal Sekirite avèk Asirans Sante	30
Transpò	31
Vote.....	33



Entwodiksyon

Navige chimen pou fini lekòl segondè epi vini yon granmoun eksitan. Genyen plizyè posiblite, epitou chanjman. Sa tou kapab fè w pè epi twouble. Moun andedan lekòl la ak deyò kapab sipòte w pandan pwosesis la.

Gid sa ba w konsèy avèk resous yo pou ede w planifye adilt ou avèk lavi apre lekòl segondè. Prepare w pou konsidere chwa yo, eksplòre opsyon yo, epi pran aksyon pou prepare demen w.




Jwen plis konsèy ak resous nan...

mdtransitions.org



Tranzisyon Asosye yo

Avni mwen:



Tankou yon manm fanmi oswa yon jèn timoun ki andikape, ou pa pou kont ou. Gen resous ki disponib nan lekòl ou ak kominote w ki pou ede w planifye demen w.

Men kèk resous kominotè ou sipoze chèche konnen: Sa yo se patnè w nan ede w konnen ki kote ou vle ale.

- ***Fikse objektif ou yo wo, epi***

Pa kanpe tout otan ou pa rive la.

- Bo Jackson







Paran oswa Gadyen

Anpil nan gid sa a pale dirèkteman ak jèn timoun yo. Men, tout enfòmasyon ak Resous sa yo te fèt pou itil ak tout fanmi a.

Kòm yon paran oswa gadyen yon jèn timoun ki andikape, ou genyen yon gwo wòl nan ede pitit ou a prepare adilt li. Pafwa li ka parèt difisil pou decide kòman pou ede pitit ou a prepare demen li.

Gid sa bay resous avèk ide pou sipòte w ak tout jèn timoun ou.

Pwochen etap yo pou paran / Gadyen yo

-  Konsidere lòt resous ki kapab asiste pitit ou a pou jwen objektif demen li yo tankou benefis konsèy, planifikasyon karyè avèk konsèy pou travay, fòmasyon jesyon lajan, avèk opòtinite pou aprann defann tèt ou. Gid sa a bay enfòmasyon sou tout sa yo:
-  Pandan ke pitit ou a toujou lekòl, pale avèk resous sa yo konsènan pwochen etap yo pou konsidere lè w ap prepare jèn timoun ou pou adilt.

Ou vle konnen plis konsènan etap aksyon ou menm oswa jèn timoun ou a kapab pran pou prepare adilt li?

Vizite sitwèb mdtransitions.org pou plis konsèy ak resous itil yo.



Tcheke avèk aktivite jèn timoun yo.

Tcheke avèk jèn timoun ou yo de tanzantan kapab ede w pou kite yon liy kominikasyon ouvè. Olye w jis konekte konsènan aktivite chak jou yo, itilize kòmansman kesyon anba yo pou w ka genyen yon ide de sa jèn timoun ou ap panse.

(Si ou se yon jèn timoun k ap gade aktivite sa, mande yon manm nan fanmi w pou l fè aktivite sa ak ou!)

Enstriksyon: Mande jèn timoun ou a pou li fini fraz anba yo.

Mwen santi _____

Mwen swete _____

Mwen panse _____


Mwen bezwen _____


Mwen swete _____


Mwen vle _____

Mwen te reve sou _____

Kisa mwen kapab fè pou ede pitit mwen prepare poul vin yon adilt?

 Ede jèn timoun ou an eksplore kijan talan li ak ladrès li yo kapab ede l jwen yon travay. Eseye travay pandan li toujou nan lekòl segondè enpòtan!

 Gen gwo egzijans pou demen pitit ou. Konsantre nan fòs pitit ou a epi pitit ou ap eksite konsènan sa ki posib.

 Pa pè kite pitit ou a echwe sa difisil pou tout paran. Men li enpòtan pou jèn timoun ou a eseye nouvo bagay - tankou travay, lwazi, zanmitay, opsyon pou transpò yo, elatriye. Anpil nan bagay sa yo ka pa bon pou jèn timoun ou a, men pa gen pwoblèm. Chak echèk tou se yon opòtinite pou grandi ak aprann.



Lekòl ou a

Lekòl ou a se yon gwo resous pou ede e nan chemen pou vini yon adilt. Moun ak resous yo disponib pou ede w jwen objektif edikasyon ak travay ou yo.

Pwogram Akademik Endividyèl (IEP)

Si ou nan laj 14 lane oswa pi gran epi genyen yon IEP, IEP ou a tou gen ladan l yon plan tranzisyon. Plan tranzisyon pral gen ladan l objektif apre segondè pou edikasyon ak fòmasyon, travay, ak si li apwopriye, viv endepandan. Plan ap konsantre nan bagay ou kapab fè pandan ou toujou lekòl pou prepare pou satisfè objektif apre segondè ou yo.

Vizyon. Kreve yon vizyon pou “Bon vi” ou apre ou kite lekòl se yon etap enpòtan ki kapab ede w ale nan bon direksyon. Charting the LifeCourse Tools kapab ede w ak fanmi ou kreve vizyon sa epi ede w idantifye etap yo kap ede w rive la - vizite lifecoursetools.com

● **Edikasyon se pi gwo zam ke ou kapab itilize pou chanje mond lan.**

- Nelson Mandela



Tcheke resous sa yo:

📖 Plan Tranzisyon:

- marylandlearninglinks.org/communities/life-after-school/transition-101/laws-and-process
- marylandpublicschools.org/programs/Documents/Special-Ed/SecondaryTransition/MdSecondaryTransitionPlanningGuide.pdf

📖 Edikasyon apre segondè:

- mdod.maryland.gov/employment/Documents/Post-Secondary.pdf
- mdod.maryland.gov/education/Pages/transitioningyouth.aspx

Pwochen Etap yo

📖 Mande konseye lekòl ou a kisa lekòl ou a ofri tout elèv yo ki pral ede yo rive reyisi objektif apre segondè yo.

📖 **Ale epi patisipe nan reyinyon IEP ou a.** Vini prepare pandan w ap telechaje fèy Enfòmasyon IEP a ki sitiye nan Parent's Place nan sitwèb MD a, ppmd.org epi chèche IEP.

📖 Mande manadjè dosye w l, konseye lekòl la oswa divizyon

8 bagay Jèn timoun yo kapab fè kounye a pou prepare yo pou vini yon adilt demen

Konnen ki sèvis ak sipò ou bezwen pandan lekòl epi si ou kapab gen aksè avèk sipò ki menm jan apre lè ou fin kite lekòl. Konnen kijan pou mande yo tou.

- ❑ **Gradye** Rete lekòl (jiska laj 21 lane) epi gradye vrèman enpòtan pou siksè demen.
- ❑ **Kontinye aprann.** Kèlkeswa sa ou fè apre lekòl segondè, kenbe yon plan pou kontinye aprann. Li kapab Kolèj, lekòl teknik, fòmasyon nan Travay, klas, elatriye.
- ❑ **Konnen tèt ou.** Dekouvri sa ki fè ou inik. Ki enterè ou yo, pasyon ou, epi abilte w yo?
- ❑ **Jwenn yon travay.** Eseye oswa aprann diferan travay. Jwenn yon travay a tan-pasyèl, fen semèn, apre lekòl, nan lete, volontè, oswa lòt travay. Kontakte Divizyon Sèvis Reyabilitasyon (Division of Rehabilitation Services) (DORS) oswa Sant Travay Amerika ou a (AJS) pou jwenn asistans.
- ❑ **Aprann vini yon gwo avoka pou tèt ou!** Pratike ladrès pou defann tèt ou epi devlope detèminasyon pou tèt ou pandan w ap patisipe nan fòmasyon.
- ❑ **Konprann andikap ou a.** Kijan andikap ou a afekte jan ou aprann, travay, viv nan kominote ou a? Ki sèvis ak sipò ou bezwen? Èske w ap genyen aksè avèk yo lè ou kite lekòl epi konnen kijan pou konekte avèk yo?
- ❑ **Konnen dwa w ak responsablite yo.** Konsidere chwa ou yo ak desizyon ou nan kote pou viv, desizyon medikal, fè zanmi, kijan pou pase jounen ou yo, elatriye.
- ❑ **Bay patisipasyon w!** Fè pati yon asosyasyon, ekip espò, fè volontè, oswa lòt aktivite k ap fè w patisipe nan lekòl ou epi kominote w. Pratike pou vini pi endepandan epi navige mond lan.

Ekip Lekòl ou a



ANPLWAYE EDIKASYON ESPEYAL:

Manadjè dosye edikasyon espesyal ou a ap ede w kreye objektif apre segondè epi devlope plan pou akonpli yo. Sa se plan tranzisyon nan IEP ou a. Pataje objektif ou yo ak ide w yo pou konnen kijan pou aprann, travay, epi viv apre lekòl segondè Manadjè dosye edikasyon espesyal ou a pral antre enfòmasyon sa a nan plan tranzisyon w la.



Konseye lekòl la

Konseye lekòl ou a se yon lòt moun ki ka ede w rive jwenn objektif ou yo. Konseye lekòl ou a pral patnè ak pwofesè yo, administratè yo, ak manm kominote pou ba w opòtinite pou revisi nan lekòl, kolèj, fòmasyon nan travay, avèk travay. Konseye lekòl ou a pral ede w devlope kou pou etidye epi konprann sa ou bezwen fè pou gradye nan lekòl segondè epi akonpli objektif ou yo apre lekòl segondè w.

Pa bliye mete pwofesè w yo ak fanmi pami ekip ou a pou ede w akonpli objektif lekòl ak travay ou yo.



Re-Adaptasyon Vokasyonèl

Divizyon nan Maryland pou sèvis Reyabilitasyon oswa DORS se pou zafè travay. Si ou vle travay, DORS vle ede w! Fè tout efò pou konekte ak DORS pou resevwa sèvis Tranzisyon pou avan-travay (Pre ETS) bonè tankou nan premye ane lekòl segondè w epi asire ou pou aplike pou sèvis adisyonèl DORS nan de dènye ane lekòl segondè w.

Kiyès ki kapab resevwa sèvis DORS?

DORS ede elèv ki nan lekòl segondè, elèv ki nan kolèj, avèk ki nan lòt pwogram apwouve ki prepare pou travay.

DORS tou ede moun ki andikape ki pa lekòl jwen travay. Si ou vle travay epi ou gen yon andikap ki fè li difisil pou jwen oswa kenbe yon travay, DORS ap kapab ede w.

Frè pou peye SÈVIS LA

Pa gen frè pou elèv oswa fanmi pou sèvis espesifik yon elèv anba Pre ETS. Pa gen non plis okenn frè pou aplike pou sèvis adisyonèl DORS oswa pou gade pou wè si ou kalifye.

Kesyon pou poze DORS:

- 👉 Kijan ou kapab ede mwen?
- 👉 Kisa mwen dwe fè?
- 👉 Kiyès ankò ki kapab ede mwen?
- 👉 Ki pwochen etap yo?

Kijan pou m konekte ak DORS:

- 👉 Ale nan randevou ou yo.
- 👉 Aktyalize nimewo telefòn ou oswa adrès yo si yo chanje.
- 👉 Kontakte Biwo DORS ki nan zòn ou oswa ale sou sit wèb yo nan:

dors.maryland.gov/resources/Pages/locations.aspx

Oswa rele DORS nan nimewo gratis

sa: 888-554-0334



W ap mande nan kisa DORS kapab ede w?

Men kèk nan sèvis DORS ka ba ou:

Gid ak Konsèy pou karyè

Jwen objektif travay ou oswa chimen karyè ou.

Asistans pou Plasman ak chèche travay.

Jwen yon travay ou vle.

Sèvis Travay sipòte ak pèsonalize

Jwen yon travay avèk sipò ki ale ak fòs ou epi ede w kenbe travay ou a.

Fòmasyon ak edikasyon vokasyonèl ak Apre segondè

Fòmasyon ou bezwen pou jwen yon travay.

Planifikasyon transpò ak sipò yo.

Devlope yon plan pou ale nan travay ou a.

Lòt Sèvis Kominotè:

Pou ede ou prepare pou, jwen, oswa kenbe yon travay.

Kisa pou atann lè w ap travay ak DORS? Ki kèk bagay ou kapab fè pou reyisi?

Rete an kontak:

Kontakte konseye DORS ou a pou pi piti yon fwa pa mwa pou ede ou rete sou chimen plan Travay ou a.

Pale fò.

Pataje enterè w yo, ladrès, fòs, defi, avèk enkyetid ou yo pou konseye DORS yo kapab ede w.

Fè devwa ou.

Ou menm ak konseye DORS ou a pral pale de responsablite yo - bagay ou pral fè pou ede w rive jwen objektif travay ou yo. Swiv responsablite ou aksepte yo.

Respekte randevou w yo.

Pa kapab kenbe yon randevou? Sa ka rive. Fè tout efò pou kontakte DORS pou fè yo konnen ke ou p ap kapab ale.



Sant pou Moun k ap viv endepandan

Sant pou moun kap viv endepandan nan zòn bò lakay ou (CIL) se yon bon plas pou jwen enfòmasyon sou tout aspè nan lavi ki asosye avèk vin granmoun oswa viv avèk yon andikap, menm si ou tap chèche pou ou, ou se yon manm fanmi konsène oswa yon zanmi, oswa yon pwofesyonèl kap travay sou pwoblèm ki asosye ak andikap.

CILs yo se plas ki amikal ak akeyan. Yo bay enfòmasyon nan yon pil pwogram ak sèvis ki kapab ede w konprann plizyè resous yo. Yo kapab ede w tou pou aplike pou pwogram ak benefis yo. Sèvis yo genyen ladan yo:

- Enfòmasyon ak asistans pou jwen resous kominotè yo, sèvis yo, ak sipò yo.
- Ede aplike pou oswa negosye benefis yo.

America's Jobs Centers

AJC's se lòt resous pou jèn yo gen aksè ak travay pandan sezon lete, fòmasyon ladrès pou okipasyon, avèk bous. Sèvis yo disponib pandan epi menm apre ou kite lekòl segondè. Pou jwen America's Jobs Center nan zòn ou a vizite: labor.maryland.gov/county



Tranzisyon ak Asosye yo

Men kijan asosye kominotè sa yo travay avèk ou pou yo ede w vin yon adilt.

Adolesan

Travay pou konplete “8 bagay adolesan yo kapab fè kounye a pou prepare yo vini yon adilt” nan seksyon lekòl nan gid sa nan paj 8.

Lekòl ou a

Mande pou opsyon apre lekòl segondè yo - kolèj, lekòl teknik, fòmasyon nan travay, etc. Pwofesè ak konseye yo kapab ede w avèk objektif ou yo.

Paran & gadyen

fanmi ou ka ede w vin pi endepandan epi eksplòre opsyon ou yo. Chèche gwoup sipò fanmi yo pou w kapab jwen resous yo. Gen yon gwoup ki se Parents' Place of Maryland. ppmd.org

DORS

Divizyon Sèvis Reyabilitasyon se pou zafè travay - yo kapab ede w prepare, jwen, epi kenbe yon travay.

Sant pou moun k ap viv endepandan (CILs)

Kontakte biwo CIL ki nan zòn ou. Yo kapab ede w avèk benefis ou yo epi konekte w avèk resous Kominotè yo msilc.org

Sekirite Sosyal


Jwen èd avèk benefis ou yo tankou SSI, Lajan sekirite Sipleman: SSDI - Asirans pou Andikap nan Sekirite Sosyal; oswa asirans sante tankou Medicaid.

Resous Kominotè yo

Tcheke lòt resous yo nan ti liv sa a pou plis sèvis avèk sipò ki ka disponib pou ou.



Sèvis Esansyèl yo





**Kisa ki fè ou kontan?
Ki fòs ou ak ladrès ou?**

Ki sekre pou reyisi? Chak moun ou pale kapab genyen yon repons diferan.

Men kisa nou konnen. Sèvis anba yo te ede anpil jèn timoun ak fanmi yo prepare pou yo vini adilt.

Sa yo se bagay pou pratike epi konnen pandan ou se yon jèn timoun.



**Kontinye
eksplòre!**



Defans pou tèt ou

Defans pou tèt ou vle di pale pou ou ak lòt moun yo. Sa vle di konnen fòs ou yo ak defi yo, konprann dwa ou tankou yon sitwayen, epi kapab pataje bezwen ou avèk lòt yo.

Defans pou tèt ou ak fòmasyon defans fanmi a kapab ede w dekouvri potansyèl ou epi pèmèt ou mye sipòte tèt ou ak lòt yo.

“Fè sa ou kapab, kote ou ye, avèk sa ou genyen.”

- Theodore Roosevelt



Sa ki enpòtan pou pran:


Konpetans defans solid èd nan kreye tou de objektif ki kout ak long yo.

Genyen plis kesyon?

Kontakte konseye lekòl la, pwofesè, oswa Konseye **DORS** pou aprann plis konsènan fòmasyon defans pou tèt ou.

Kontakte **Centers for Independent Living** nan zòn ou nan msilc.org

Vizite selfadvocacyonline.org pou plis enfòmasyon ak resous yo.





Aktivite pou defann ou

Nan ki nivo ou konn tèt ou?

Mezire tèt ou nan kesyon anba yo:

W = Wi | D = pafwa | N = Non

Kon-pwòp tèt ou

- ___ Èske ou konnen ki ladrès ak fòs ou genyen?
- ___ Èske ou kapab eksplike fasilman ladrès ou ak fòs bay lòt moun?
- ___ Èske ou konnen kijan ou aprann pi byen?
- ___ Èske ou konnen kijan ou aprann pi byen?
- ___ Èske ou mande èd lè ou bezwen li?
- ___ Èske ou fikse objektif yo pou tèt ou?

Divilgasyon Enfòmasyon

- ___ Èske ou konnen tout bagay konsènan andikap ou a?
- ___ Èske ou pratike di lòt moun konsènan andikap ou a?
- ___ Èske ou renmen reyaksyon ou resevwa lè ou di yon moun konsènan andikap ou a?
- ___ Èske ou dekri andikap ou a nan fason diferan depann de anviwònman oswa moun yo?
- ___ Èske gen lè ou chwazi pa pale de andikap ou a?

Aranjman

- ___ Èske ou patisipe nan reyinyon konsènan edikasyon ak travay?
- ___ Èske ou konnen kisa aranjman rezonab vle di?
- ___ Èske ou konnen ki aranjman ou bezwen pou reyisi nan travay oswa lekòl?
- ___ Èske ou pratike mande pou aranjman ou bezwen?

Wi
Total
= _____

Pafwa
Total
= _____

No
Total
= _____

Si ou reponn Yes pou pi fò...

Ou fèt pou fyè de tèt ou. Èske ou gen bon sans de ou ak andikap ou a? Ou nan wout pou vini yon moun ki detèmine ak tèt ou! Sètènman toujou gen plas pou amelyorasyon. Reflech sou kesyon yo kote ou reponn NON. Kreye kèlke objektif ki kout pou kontinye amelyore!

Si ou reponn pifò ak PAFWA... Ou deja genyen bon ladrès nan konpreyansyon tèt ou ak

Andikap ou a Genyen tou opòtinite pou ou aprann epi amelyore nan sèten kote. Kou ou konnen fòs ou yo (kesyon kote ou reponn yo ak Wi), endike lòt kote ki bezwen travay (kesyon kote ou reponn ak NON). Deside nan ki kote ki pi enpòtan pou konsantre kounye a. Kreye kèlke objektif ki kout pou travay nan pati ki fèb lakay ou.

Si ou reponn pifò ak NON...

Ou nan kòmansman etap konpreyansyon tèt ou ak andikap ou a. Pran pwochen etap epi chèchè lòt moun ou fè konfyans epi ou konnen trè byen: mande yo pou yo ede w separe kote ou gen fòs yo. Pataje rezilta kesyonè yo avèk yo epi mande èd pou kreye objektif ki kout pou kapab konprann tèt ou plis.



Avantaj yo

Gwo chanjman nan laj 18 lane




Moun ki gen avantaj SSI pase nan pwosès redetèminasyon lè yo gen 18 lane. Se lè sekirite Sosyal detèmine si andikap ou a grav ase pou limite kapasite pou travay nan yon nivo espesifik. Menm si kondisyon yo ka pa chanje, Sekirite Sosyal ka detèmine ke w pa gen okenn andikap ankò.

Kontakte yon espesyalis pou avantaj

Si ou gen yon andikap epi w ap apwoche laj 18 lane, yon espesyalis pou avantaj kapab ede w konprann sitiyasyon avantaj ou genyen avèk opsyon ou yo.

Avantaj tankou **SNAP, Lojman, Medicaid, elatriye** ka chanje lè w ap travay. Travay Ankourajman espesyalis pou avantaj yo kapab sipòte pandan lavi w ap chanje- ou genyen laj 18 lane, gradye, jwen yon travay, oswa rive nan yon etap enpòtan nan lavi w.

Sa ki enpòtan pou pran:


-  Espesyalis pou avantaj yo ka ede w revize finans ou ak opsyon asirans sante w yo.
-  Espesyalis pou avantaj yo kapab ede w navige sistèm yo epi rapòte egzijans yo.
-  Espesyalis pou avantaj yo kapab dekri epi ede w gen aksè ak ankourajman travay yo.

Ou gen plis kesyon?

Jwenn lokal pa w la **Konseye DORS oswa Rezo Travay Ankourajman nan Maryland** pou aprann plis sou konsèy avantaj yo!

Jwen yon espesyalis pou avantaj nan:

innow.org/md-win/md-win



Konsèy Rapò Travay

Si ou menm oswa yon moun nan lakay ou resevwa SSI (lajan Sekirite Sipleman) nan Sekirite Sosyal, ou sipoze rapòte travay ou.

Sa vrèman enpòtan pou evite peye anplis oswa peye an mwens avèk lòt pwoblèm yo.

Men kèlke konsèy pou rete sou tèt rapò travay ou.

Etap 1

Enskri pou rapò salè yo k ap raple w pa imèl oswa tèks pandan w ap vizite:

ssa.gov/benefits/ssi/wage-reporting.html

Etap 2

Kolekte souch chèk ou yo ak enfòmasyon anplwayè avan ou rele Sekirite Sosyal.

Etap 3

Kontakte biwo sekirite Sosyal nan zòn ou a pou rapòte enfòmasyon anplwayè w . Jwenn yon biwo nan zòn ou:

secure.ssa.gov/ICON/main.jsp

Ou ka rapòte pa:

Telefòn (mobil) | app mobil | imèl | faks





Chwazi pi meyè opsyon pou ou:

ssa.gov/benefits/ssi/wage-reporting.html

Ou sipoze rapòte apati **6zyèm jou** nan mwa kap vini pou kenbe dosye w

egzat. Si ou rate dat limit la, ou ta dwe toujou rapòte. Li pi bon pou an reta ke ditou!

Fason pou kenbe tras nan dosye .

-  Kenbe dosye dat ou rapòte yo.
-  Kenbe lèt Sosyal Sekirite Sosyal ou yo
-  Kenbe souch chèk yo pou omwen yon lane.
-  Kenbe dosye kèlke swa kominikasyon ou genyen avèk biwo sekirite Sosyal.

Ou genyen kesyon oswa bezwen èd?

Ankourajman travay avèk dediksyon revni kontab kapab aplike. Kontakte espesyalis avantaj nan innow.org/md-win/md-win avèk sekirite Sosyal pou jwen plis enfòmasyon.



Lajan

Nou tout bezwen lajan. Aprann pandan ou jèn kòman pou planifye, ekonomize, avèk depanse pral ede w akonpli objektif lajan ou yo.

Edike w sou kòman pou kontwole lajan w oswa konprann finans ou ap ba ou opòtinite pou devlope ladrès ak konesans pou planifye byennèt finansyè w.

Konsantrasyon an sou enfòmasyon pratik pral amelyore kalite lavi pandan lap kouvri sijè tankou reparasyon kredi, kòman pou kreye yon plan depans, epitou planifye pou gwo acha yo.

Aprann kreye epi akonpli objektif lajan ou yo pou ka viv lavi ou vle a.

Sa ki enpòtan pou pran:

Aprantisaj



Pouv

wa



Endepandans

Ou gen plis kesyon?

Kontakte **konseye DORS** oswa **MD CASH** nan zòn ou a nan cashmd.org pou aprann plis konsènan fòmasyon sou **alfabetizasyon**

Finansyè ki tou prè w. Ou ka Anplis ou vle aprann plis konsènan **Maryland ABLE** avèk kòman li ka ede w ekonomize!

marylandable.org





Aktivite lajan mwen

Panse avèk lajan w! Èske lajan w sere? Ou genyen pwoblèm pou okipe tèt ou? Èske dèt ou yo fè w santi w estrese? Èske ou bezwen èd pou kreye yon plan pou depanse?

Objektif lajan mwen yo

Ekri kèlke objektif ou genyen konsènan lajan - ekonomize, depanse, redui nan dèt, planifye pou demen...

Reflechi sou

Bagay ki enpòtan pou ou tout bon

Bezwen pou demen

Kòmansè

Chwazi yon objektif

Kreye yon plan aksyon

Swiv pwogrè w

Fyè de reyisit ou.

Pataje objektif ou a avèk yon moun

Plan Aksyon mwen:

Panse ak konbyen tan li ap pran w pou reyalize objektif ou a; Fè yon plan aksyon epi respekte l. Mete kèlkeswa resous ki ap kapab ede w. Pa egzanp, ou ka chèchè enfòmasyon, zouti ak ekipman, asistans pwofesyonèl, prè, oswa jwen transpò

Etap 1: _____

Resous k ap bezwen: _____

Dat pou Fini:

Etap 2 _____

Resous k ap bezwen: _____

Dat pou Fini:

Etap 3: _____

Resous ki ap bezwen: _____



Sante avèk Byennèt

Lavi ou trè okipe epi ou genyen yon andikap kapab ajoute yon kouch kompleksite ladan l anpil fwa, li sanble tankou li pran tout enèji w pou fini jounen an. Li enpòtan pou kanpe tanzantan epi panse avèk sante w epi byennèt ou.

Faktè sa yo kapab afekte sante ou an jeneral.

- 👉 Manje
- 👉 Egzèsis ak aktivite Fizik
- 👉 Dòmi
- 👉 Estrès

Men kèk kesyon pou poze tèt ou:

- 👉 Èske genyen chanjman ou kapab fè nan dayèt ou ki kapab ba w plis enèji?
- 👉 Èske ou dòmi byen? Kisa ou ka fè pou amelyore woutin dòmi ou?
- 👉 Avèk yon plan, kapab redui estrès ou ap ajoute fason pou redui estrès nan aktivite chak jou ou.

Sa ki enpòtan pou pran:

Abitid nou yo ka afekte sante fizik ak mantal nou. Fè kèlke chanjman kapab ba ou plis enèji epi ede w vin pi an sante epi pi kontan.

Faktè sa yo afekte toulède sante fizik ak mantal nou. Evalye abitud aktyèl nou yo kapab ede nou fè chanjman yo ki pral mennen nan yon avni sante.

Kesyon pou Poze Doktè ou

- 👉 Ki etap mwen kapab pran pou mwen rete an sante?
- 👉 Èske mwen riske gen twoub oswa maladi?
- 👉 Mwen enkyete konsènan yon pati espesifik nan vin Kisa mwen ta dwe fè?
- 👉 Mwen pa kapab pale ak paran mwen yo oswa pwofesè mwen yo konsènan pwoblèm mwen. Ak kiyès mwen ka pale?

Plis kesyon?

mdtransitions.org/health





Aktivite Sante ak byennèt

Kijan ou kenbe tèt ou an sante epi santi byen? Pafwa li ede w fikse kèlke objektif oswa peye atansyon nan kòman ou santi w. Gade kòman ou panse ke ou ap fè nan pati anba yo epi ekri yo kèlkeswa objektif ou genyen pou santi ou byen oswa amelyore sante ou Pataje rezilta ou yo avèk yon moun ou fè konfyans.



Kò ou

- Fè egzèsis regilyèman: anpil fwa pa vrèman
- Manje an sante: anpil fwa pa vrèman
- Kenbe yon gwosè ki an sante: anpil fwa pa vrèman
- Dòmi ase (8 oswa 9 èdtan): anpil fwa pa vrèman
- Bwose ak pase fil dantè nan dan w anpil fwa pa vrèman
- Mete krèm pwoteksyon kont solèy: anpil fwa pa vrèman
- Kite volim mizik ou ba: anpil fwa pa vrèman
- Trase tan mwen pase devan ekran: anpil fwa pa vrèman

Objektif Mwen yo

Nenpòt sa ou ta renmen amelyore sitou nan pati sa a?



Lespri mwen / Emosyon yo

- Jere estrès mwen: anpil fwa pa vrèman
- Fè mye mwen kapab lekòl la: anpil fwa pa vrèman
- Balanse travay, lekòl, avèk lavi sosyal: anpil fwa pa vrèman
- Viv byen ak lòt moun: anpil fwa pa vrèman
- Bati amitye: anpil fwa pa vrèman
- Aktif nan kominote mwen: anpil fwa pa vrèman
- Peye atansyon ak santiman mwen yo: anpil fwa pa vrèman
- Mande èd si mwen bezwen: anpil fwa pa vrèman

Objektif Mwen yo

Nenpòt sa ou ta renmen amelyore sitou nan pati sa a?



Konpòtman Ou

- Evite itilize oswa abize sibstans: anpil fwa pa vrèman
- kondi avèk pridans: anpil fwa pa vrèman
- Jere emosyon mwen yo: anpil fwa pa vrèman
- Pratike sèks avèk pwoteksyon.: anpil fwa pa vrèman
- Pridan lè ou sou entènèt: anpil fwa pa vrèman

Objektif Mwen yo


Nenpòt sa ou ta renmen amelyore sitou nan pati sa a?



Konpetans Pwofesyonèl

Konpetans Pwofesyonèl kapab ede w antann ou ak lòt moun lakay ou, nan lekòl, epi nan travay. Ou ka itilize konpetans sa yo chak jou lè w ap pale ak yon moun, travay ak yon moun, pran desizyon, ak plis ankò. Konpetans sa yo pafwa yo rele yo “Konpetans Relasyonèl”

Patwon yo renmen anplwaye moun ki genyen bon Konpetans Pwofesyonèl. Fòmasyon “Skills to pay the bills” kapab ede w aprann kominikasyon, atitud pozitif, vini yon jwe ekip, chèche rezon, rezoud pwoblèm, panse kritik ak pou vin pwofesyonèl.



Sa ki enpòtan pou pran:

Patwon yo bay konpetans relasyonèl yo valè. Ou kapab aprann konpetans pwofesyonèl enpòtan sa yo lakay ou, nan lekòl epi pandan w ap pran eksperyans travay. Pale ak ekip tranzisyon nan lekòl ou a pou jwen fason ou ka pratike konpetans sa yo.

Nou tout ka amelyore konpetans nou yo. Pi bon fason pou nou fè sa se nan pratik.

Ou gen plis kesyon?

Kontakte konseye lekòl ou a oswa pwofesè w la, kontakte biwo DORS ki nan zòn ou an.

Konseye, oswa vizite sitwèb Biwo Politik Andikap Pou Travay:

dol.gov/odep/topics/youth/softskills



Aktivite Konpetans Pwofesyonèl

Gen plizyè **kalite kominikasyon**.

Depi se pou kominikasyon, sa moun wè souvan plis kapab sonje ke sa moun li ak tande. **Souvan yo refere li ak langaj Kòporèl.**

Langaj kòporèl gen ladan l ekspresyon vizaj yo, konpòtman zye, jès yo, pwestans, ak plis ankò. Langaj Kòporèl kapab ekspriprime emosyon, santiman, avèk atitid yo.


Moun nan kilti diferan kapab konprann kèlke ekspresyon mondyal ki pa vèbal, pandan lòt ekspresyon yo ka espesifik ak yon kilti.

Konklizyon:


Aksyon yo pale pi fò pase mo yo. Konsidere kisa ekspresyon vizaj yo, pwestans yo, jès, kontak nan zye, avèk ton vwa kapab kominike ak moun ki kote ou. Èske langaj Kòporèl ou koresponn ak mo ou ap itilize yo?

Enstriksyon yo:


Korespon karaktè avèk emosyon langaj Kòporèl avèk/oswa ekspresyon vizaj ki ale avèl la.



Kontan



Tris



Fache




Enkyete

Repons yo: A = Fache B = Enkyete
C = Kontan D = Tris



Repètwa Resous yo






Youn nan wout ki pi difisil ou pral travèse nan lavi w se wout sòti nan anfans pou adilt. Li ka difisil pou konnen kisa ki ap vini apre lè w ap planifye lavi apre lekòl segondè.

Pase nan tranzisyon sa pafwa se yon bagay tout moun dwe fè, men li diferan pou tout moun.

Resous sa yo kapab ede w pandan vwayaj sa. Pa timid pou mande èd.

Pou plis enfòmasyon konsènan resous nan zòn ou an, konekte avèk mdtransitions.org





Teknoloji Asistans / Aranjman yo

Aprè lekòl segondè anpil moun kontinye edikasyon yo oswa jwen yon travay. Si ou te resevwa akomodasyon oswa te itilize teknoloji Asistans nan lekòl segondè, ou ka bezwen menm kalite asistans nan travay oswa kolèj.

Ou pral mande pou akomodasyon yo epi ou ka bezwen pou yo ba ou nouvo dokiman andikap ou a (yon IEP pap ase). Pinga asime yo pral ba w asistans otomatikman oswa sa ou jwen nan pral menm ak sa ou te resevwa pandan lè ou te lekòl la.

Ale Lekòl oswa Pwogram Fòmasyon?

Mande konseye ou si kanpis la gen sant resous pou andikap oswa bay sèvis pou andikap yo.

Kòmanse yon Nouvo Travay

Konekte avèk Rezo Akomodasyon pou Travay (JAN) si w gen kesyon konsènan akomodasyon nan plas travay yo, divilgasyon, oswa Americans With Disabilities Act (ADA)

askjan.org | 800-526-7234 (Vwa) | 877-781-9403 (TTY)

Vizite sitwèb Pwogram Asistans teknoloji nan Maryland (MDTAP) pou asistans nan teknoloji Asistans:

mdod.maryland.gov/mdtap/pages/mdtap-home.aspx

Plis resous nan zòn nan

Vizite **211.org** oswa tape **2-1-1** pou plis resous nan zòn nan. 2-1-1 gratis epi li se yon sèvis konfidansyèl k ap ede moun nan Etazini jwen resous nan zòn yo lè yo bezwen. Li ouvè 24 èdtan pa jou, sèt (7) jou pa semèn



Viv an kominote

Viv nan kominote ka reprezante yon defi. Kontak enfòmasyon pou pwogram kap asiste moun kap viv nan kominote yo nan lis anba.

Gadri

Si ou bezwen èd pou gadri, Depatman Edikasyon nan Eta Maryland kapab asiste w. Vizite:

earlychildhood.marylandpublicschools.org/child-care-providers/child-care-scholarship-program

Jèn nan Fanmi dakèy

Kontakte Sèvis Imèn nan Eta Maryland konsènan sèvis moun k ap viv endepandan yo:

dhs.maryland.gov/foster-care/youth-resources/independent-living

Manje

Manje an sante enpòtan! Si ou genyen pwoblèm jwen bon kalite manje, konsidere vizite bank alimantè nan zòn nan. Jwen youn ki prè w pandan w ap vizite:

dhs.maryland.gov/bureau-special-grants/tefap/finding-nearest-tefap-provider-maryland



Viv an kominote (ap kontinye)

Lojman

Anpil pwogram kapab asiste w ak depans pou Lojman. Ou ka chèche èd pou lwaye, peman ipotèk, asistans an Sèvis Piblik. Jwen diferan pwogram lojman yo pandan w ap vizite: mdod.maryland.gov/housing/Pages/Housing-Home.aspx

Asistans pou Enèji nan Kay

Yon lòt kote pou ale pou jwen èd se Biwo nan Maryland pou pwogram Enèji nan kay (Home Energy Programs) (OHEP). Pwogram asistans pou Enèji nan Kay ap ede w ak pri chofaj, pri elektrisite, sityasyon kriz enèji yo.

Jwen plis enfòmasyon oswa aplike pou sèvis OHEP pandan w ap rele nan 1-800-322-6347 oswa ale nan dhs.maryland.gov/office-of-home-energy-programs

Sant pou moun k ap viv endepandan

Si ou bezwen èd pou jwen yon asistan swen pèsònèl, fòm rekreyasyon aksesib, oswa sipò nan men yon moun ki menm andikap avèk ou, kontakte sant pou moun k ap viv endepandan nan konte w la: msilc.org



Developmental Andikap yo

DDA (Administrasyon andikap Devlopmanal) ofri sèvis ki ka ede jèn avèk fanmi yo pou navige chimen pou yon “bon lavi” tankou adilt. Inisyativ Jèn Tranzisyon gouvènè a (GTYI) make fon nan bidjè DDA pou elèv kalifye yo ki aplike lè ou kite lekòl.

Nòt: Yon sèl dyagnostik nan andikap devlopmanal pa vle di moun nan kalifye otomatikman.

Pou kalifye pou GTYI, yon moun sipoze konplètman kalifye nan laj 21 lane epi genyen andikap kwonik grav:

- Sa atribiye ak yon andikap fizik oswa mantal eksepte dyagnostik maladi mantal.
- Rezilta nan bezwen pou genyen sèvis yo ki planifye epi kowòdone endividyèl.
- Rezilta nan bezwen pou sèvis ki gen plis chans kontinye san fen.
- Rezilta yo te fèt avan laj 22 lane
- Rezilta nan enkapasite pou viv endepandan



Andikap devlòpmantal (ap kontinye)

Fason pou Aplike pou Sèvis yo

Ou ka aplike pou sèvis DDA nenpòt kilè epi ak nenpòt laj. Ou sipoze kalifye pou DDA pou resevwa sèvis DDA. Si ou sèlman enterese pou aplike pou sèvis GTYI, kontakte biwo Rejyonal DDA a lè ou genyen laj 14 lane oswa nenpòt kilè avan ou kite lekòl ak laj 21 lane.

Si ou bezwen asistans pou konplete aplikasyon an oswa kòmmanse pwosesis pou soumèt youn, kontakte biwo nan rejyon w la. Kontak pou pran enfòmasyon yo disponib lè w rele 844-253-8694 oswa nan:

dda.health.maryland.gov/Pages/Regional%20Offices.aspx

Pou yon fèy enfòmasyon TY enprime ale nan:

dda.health.maryland.gov/Pages/TY.aspx

Li vrèman enpòtan pou aplike avan ou kite lekòl nan laj 21 lane.

Tout aplikasyon egzanpsyon DDA yo sipoze konplete apati 30 Jen pou ane kalifikasyon an ka konsidere pou finansman. Si dat tranzisyon an se apre laj 21 lane, moun nan ap kalifye pou yon ane apre dat aktyèl la oswa gradye nan lekòl segondè. Aplikasyon ki te soumèt an reta yo prale nan yon lis-datant.



Travay

Jwen yon travay pran anpil efò, espesyalman lè ou jèn epi se premye travay ou.

DORS

Divizyon Sèvis Reyabilitasyon (DORS) ede moun ki gen andikap jwen travay. DORS kapab ede w kreye yon plan travay epi konekte w avèk resous Kominotè yo pou jwen yon travay.

Jwen biwo DORS nan Maryland ki nan zòn ou:

dors.maryland.gov/resources/Pages/locations.aspx

Oswa pandan ou ap rele DORS nan nimewo gratis: 888-554-0334

Sant travay nan zòn ou

Sant Travay yo ede nenpòt moun chèchè travay. Jwen sant travay nan zòn ou pou jwen plis èd nan chèchè travay, mete rezime ajou, avèk lòt asistans travay.

dllr.state.md.us/county oswa

dllr.state.md.us/employment/onestops.pdf



Fanmi Dakèy

Jèn ki nan fanmi dakèy ki nan 13 rive nan laj 21 lane kapab kalifye pou sèvis pou viv endepandan. Viv endepandan kapab ede w nan bagay tankou dokiman enpòtan, bidjè, sekirize lojman, aplike pou travay, epi aplike ak prepare pou kolèj oswa lekòl, ak plis ankò.

Chèche Konnen Plis:

mdconnectmylife.org

Si ou genyen yon travayè sou dosye oswa kowòdonatè vi endepandan, mande yo ki sipò ki disponib pou ou





Gad avèk Sipò Pou pran Desizyon

Lè ou vin gen laj 18 lane, ou kapab vote, siyen kontra, ale nan militè, epi genyen yon kont labank sou non w. Genyen kèlke sipò lè w ap pran gwo desizyon ta dwe yon chwa pou konsidere.

Gid Planifikasyon Pou Lavni ak Pwopriyete.

Bay enfòmasyon ak resous pou fanmi timoun ak adilt yo ki gen andikap devlopmanal.

[disabilityrightsmd.org/wp-content/uploads/2018/12/
Planning-Now-Guide-2018-4.pdf](https://disabilityrightsmd.org/wp-content/uploads/2018/12/Planning-Now-Guide-2018-4.pdf)

Ti Liv Gad

Ti liv sa a diskite lwa gad adilt nan Maryland. Ti liv la endike anpil altènatif pou yon gad ofisyèl.

[disabilityrightsmd.org/wp-content/uploads/2011/12/
Guardianship-Handbook-2011.pdf](https://disabilityrightsmd.org/wp-content/uploads/2011/12/Guardianship-Handbook-2011.pdf)

Sipò Pou pran Desizyon

Sant Resous Nasyonal pou Sipò Pou pran Desizyon gen resous yo, piblikasyon yo, avèk gid eta pa eta pou enfòmasyon sou Sipò Pou pran Desizyon.

supporteddecisionmaking.org



Sante

Pou Jwenn yon doktè Swen Prensipal

Si ou gen anpil bezwen medikal, aprann pran swen sante w enpòtan.

Mande doktè w si yo kapab kontinye wè ou lè ou vin adilt oswa kiyès yo ka rekòmande pou pale konsènan bay swen pandan w ap vin adilt? Ou sipoze tou chèchè doktè espesyalize si ou bezwen.

Epitou vizite:

[phpa.health.maryland.gov/genetics/Pages/
Health_Care_Transition.aspx](https://phpa.health.maryland.gov/genetics/Pages/Health_Care_Transition.aspx)

Pwoteksyon Pou Swen Sante

Asirans sante w ka chanje lè ou vini yon adilt. Kèlke pwogram ka fini pou jèn adilt yo nan laj 19 lane epi yo pa konsidere yo tankou manm fanmi yo ankò. Sa kapab chanje kalifikasyon revni fanmi an.

Pou jwen konsènan opsyon asirans sante yo ale nan:

marylandhealthconnection.gov



Sante Mantal

Li enpòtan pou peye atansyon avèk toulède sante fizik ak mantal ou. Èd disponib lè w fè fas ak tan difisil oswa bezwen estrateji pou navige mond ki antoure w la.

Sèvis sante mantal yo kapab bay nan plizyè plas, ki gen ladan yo lopital, klinik, lakay, avèk lokal kominotè yo. Sèvis sa yo plis ke medikaman ak terapi. Sèvis Sante Mantal kapab tou bay èd nan travay, lojman, sipò kamarad, relasyon, idantite, depresyon. Estrès, adiksyon, swisid, ak plis ankò. Pou jwen plis enfòmasyon konsènan sèvis ki disponib yo, kontakte Ajans Sèvis debaz ki nan zòn ou:

marylandbehavioralhealth.org/wp-content/uploads/2019/05/DirectoryMABHAMay2019.pdf

oswa vizite:

Asosyasyon Sante Mantal nan Maryland: mhamd.org

Pou kont nou nan Maryland: onourownmd.org

Alyans Nasyonal nan Maryland: namimd.org

Plis resous nan zòn nan

Vizite **211.org** oswa tape **2-1-1** pou plis resous nan zòn nan. 2-1-1 gratis epi li se yon sèvis konfidansyèl k ap ede moun nan Etazini jwen resous nan zòn yo lè yo bezwen. Li ouvè 24 èdtan pa jou, sèt (7) jou pa semèn





Benefis Sosyal Sekirite avèk Asirans Sante



Gwo chanjman nan laj 18 lane

Ak laj 18 lane, moun ka resevwa avantaj SSI lè yo pase nan pwosesis redetèminasyon an. Sa se lè Sekirite Sosyal detèmine si andikap ou a grav ase pou limite kapasite pou travay nan yon nivo espesifik. Menm si kondisyon yo ka pa chanje, Sekirite Sosyal ka detèmine ke ou pa gen okenn andikap ankò.

Travay Ak Avantaj Yo

Si ou konsidere travay oswa gen kesyon konsènan avantaj aktyèl ou yo, konekte avèk yon espesyalis avantaj ankourajman travay. Yo ka pèmèt ou konprann plis avantaj ou yo epi ede w fè chwa reflechi pou rive akonpli objektif ou yo.

Ou gen plis kesyon? Pale Avèk:

-  Konseye DORS ou a konsènan konsèy pou avantaj yo
-  Yon espesyalis pou avantaj

Jwen yon espesyalis pou avantaj nan:







innow.org/md-win/md-win

-  Pou tcheke estati sekirite Sosyal ou vizit: ssa.gov



Sèvis Transpò

Avan ou chèche yon travay, ou sipoze panse kòman ou prale ladan l. Pale konsènan tout fason diferan pou ale travay avèk ekip planifikasyon w lan.

-  Jwen yon travay kote ou ka mache oswa pran bisiklèt.
-  Aprann konnen kòman pou pran bis.
-  Pran taksi. Genyen konpayi ki chaje mwens pou moun ki andikape yo.
-  Pran woulib nan men fanmi, zanmi, oswa vwazen.
-  Aprann kondui.
-  Konsidere al rete pi prè travay ou.

Mande lekòl ou, konseye CIL, oswa DORS konsènan sèvis ki kapab ede w mache, monte bisiklèt, oswa kondui avèk pridans pou ale travay.

Pou plis enfòmasyon sou transpò piblik, vizite:

mdod.maryland.gov/transport/Pages/Mobility-and-Paratransit.aspx



Transpò (ap kontinye)

Sant pou moun k ap viv endepandan nan Maryland

Aprè ou kòmanse yon travay, panse ak pran woulib nan men moun nan travay la oswa mande bòs ou pou chanje orè w pou fè ou vin travay pi fasil. Kontakte sant pou moun k ap viv endepandan nan zòn ou pou ede w. msilc.org

Kontakte espesyalis avantaj ankourajman travay ou

Pale ak yon espesyalis pou avantaj pou konnen si ou kapab itilize depans pou travay ki asosye avèk twoub (IRWE) pou kouvri pri transpò pou travay.

Jwen yon espesyalis pou avantaj nan: innow.org/md-win/md-win



Vòt

Nan laj 18 lane, ou ka vote!

Chèche kilè pwochen eleksyon an, aprann konsènan pwoblèm yo, kiyès kap kouri, ki kote pou vote. Vwa ou enpòtan! Asire w yo tandè l pandan pwochen eleksyon an.


Rele biwo eleksyon nan zòn ou si ou bezwen akomodasyon. Epi vote!

Ou gen plis kesyon?

usa.gov/register-to-vote





Nòt mwen yo



*Avni a se pou moun sa yo ki
Kwè nan bote rèv yo.*

- Eleanor Roosevelt





ALE KI KOTE **Ou vle Ale**

Gid sa a te devlope anba yon sibvansyon nan Depatman Edikasyon nan Etazini (US Department of Education), Biwo Pwogram Edikasyon Espesyal (OSEP), Akò koperativ H418P10004.

Sepandan, kontni sa yo pa nesesèman reprezante politik Depatman Edikasyon Etazini epi ou pa sipoze asime apwobasyon nan men gouvènman Federal la.

Jwen plis konsèy ak resous nan...
mdtransitions.org epi mdod.maryland.gov